

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Nurutkeun (Sukardai 2012, kc. 181), panalungtikan kuasi ékspérimén atawa ékspérimén semu dihartikeun mangrupa panalungtikan nu hampir sarua jeung panalungtikan ékspérimén. Panalungtikan kuasi ékspérimén maké kelas ékspérimén kalawan henteu ngalibetkeun kelas kontrol. Dina ieu métode, kamampuh siswa ngaregepkeun diajén dua kali nya éta saméméh dibéré *perlakuan (pretest)* jeung sanggeus dibéré *perlakuan (posttest)* maké media bonéka. Panalungtikan kuasi ékspérimén miboga tilu ciri penting, nya éta ieu di handap.

- a. Ayana manipulasi kana objék panalungtikan pikeun ngarobah kaayaan nu tangtu sacara sistematis.
- b. Ayana kontrol variabel nu ngatur kondisi panalungtikan
- c. Ayana obsérvasi pikeun nilik-nilik jeung ngukur hasil manipulasi

Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta *pretest* jeung *posttest*.

O₁	X	O₂
----------------------	----------	----------------------

Desain Panalungtikan *Pre-test and Post-test Group*

(Arikunto, 2013, kc. 124)

Keterangan:

- O₁ = *Pre-test*
X = *treatment* pangajaran nu ngagunakeun média bonéka
O₂ = *Post-test*

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data nya éta sakabéh subjék anu ditalungtik. Sumbér data dina ieu panalungtikan nyaéta hasil tina ngaregepkeun dongéng nu mangrupa evaluasi ti siswa

Kelas VII A SMP Humanika Bogor Taun Ajaran 2015/2016 anu jumlahna 25 urang, urang 7 awéwé jeung 17 urang lalaki.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta salasihiji alat anu digunakeun pikeun milah-milah data nu dibutuhkeun. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés. Tés nya éta alat atawa *prosedur* nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa anu ngawengku *pre-test* jeung *post-test*. Pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, intelegensi, kamampuh atawa bakat nu dipiboga ku individu atawa kelompok nu sipatna penting jeung pasti (Arikunto, 2010, kc. 53).Tésna mangrupa tés tinulis pikeun nuliskeun pangalaman anu kungsi karandapan ku maranéhna.

Upama dumasar kana téhnisna, ieu panalungtikan maké obsérvasi langsung, nya éta obsérvasi anu dipaké sacara langsung kana objék anu ditalungtik. Tés dilakukeun dua kali, nya éta saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média bonéka.

Ieu di handap instrumén tés anu dipaké dina panalungtikan.

- 1) Naon téma tina dongéng si kancil jeung si kuya?
- 2) Saha waé tokoh dina dongéng si kancil jeung si kuya? Tur kumaha waték palaku dina dongéng éta?
- 3) Dimana waé témpat nu aya dina dongéng si kancil jeung si kuya?
- 4) Kumaha jalan carita dina carpon si kancil jeug si kuya?
- 5) Kumaha puseur sawangan tina dongéng si kancil jeung si kuya?
- 6) Naon amamat tina dongéng si kancil jeung si kuya?
- 7) Pék caritakeun deui atawa rangkuman tina dongéng si kancil jeung si kuya!

Tina instrument soal nu aya di luhur perlu ditangtukeun skala meunteun sangkan panalungtik babari dina méré skor kana jawaban siswa. Anapon pedoman menteun tina panalungtikan téh ébréh dina tabél ieu di handap:

Tabél 3.1 Kisi-kisi Soal Panalungtikan

Aspék	Indikator	Butir Soal	Skala
Eusi	a. dapat memahami isi dongéng b. Dapat mennanggapi berbagai aspek dongéng	1. Naon téma tina dongéng si kancil jeung si kuya?	1-3
		2. Saha waé tokoh dina dongéng si kancil jeung si kuya? Tur kumaha waték palaku dina dongéng éta?	1-4
		3. Dimana waé témpat nu aya dina dongéng si kancil jeung si kuya?	1-4
		4. Kumaha jalan carita dina carpon si kancil jeug si kuya?	1-3
		5. Kumaha puseur sawangan tina dongéng si kancil jeung si kuya?	1-3
		6. Naon amamat tina dongéng si kancil jeung si kuya?	
Basa	c. Dapat menceritakan kembali isi cerita pendek dengan singkat	7. Pék caritakeun deui atawa rangkuman tina dongéng si	1-5
Jumlah			25

Konci Jawaban

a. Eusi

- Naon téma dongéng si kancil jeung si kuya?
 3= sosobatan antara kancil jeung si kuya
 2= kahirupan si kuncil
 1= jawaban liana teu kaasup kana téma carita
- Saha waé tokoh dina dongéng si kancil jueng si kuya? Tur kumaha watek palaku dina dongéng éta?
 4= tokoh dituliskeun lengkep jeung watekna
 3= tokoh dituliskeun sacara lengkep tapi teu di barengan watekna

- 2= tokoh jeung watek dituliskeun kurang lengkep
 1= tokoh dituliskeun kurang lengkep tur teu dibarengan jeung watekna
3. Dimana waé témpat nu aya dina dongéng si kancil jeung si kuya?
 4= tilu latar (tempat, waktu jeung kaayan) dituliskeun sacara lengkep
 3= tilu latar (tempat, waktu kaayaan) dituliskeun kurang lengkep
 2= ngan saukur dua latar di tuliskeun
 1= ngan saukur hiji latar nu di tuliskeun
4. Kumaha jalan carita (galur) dina dongéng si kancil jeung si kuya?
 3= galur maju mundur
 2= galur maju
 1= galur mundur
5. Kumaha puseur sawangan tina dongéng si kancil jeung si kuya?
 3= jalma katilu
 2=jalama kadua
 1= jalma kahiji
6. Naon amanat tina dongéng si kancil jeung si kuya?
 3= ulah licik oge ngaréméhkeun batur
 2= ulah sok galak-galak teuing ka batur
 1= jawaban lian nu teu kaasup amanat tina caritaan

b. Basa

7. Pék caritakeun deui eusi dina dongéng si kancil jeung si kuya?
 5= caritakeun nu di tuliskeun lengkep tur luyu jeung dongéng nu dibacakeun kalayan *structural*
 4= caritaan nu dituliskeun luyu jeung dongéng nu dibacakeun kalayan *structural*
 3= caritaan nu dituliskeun luyu jeung dongéng nu dibacakeun tapi teu *structural*
 2= caritaan nu dituliskeun kurang luyu jeung carpon nu dituliskeun
 1= caritaan nu dituliskeun teu luyu jeung carpon nu dibacakeun.

3.4 Prosedur Panalungtikan

Prosedur nu di pake dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés. Téhnik tés dilaksanakeun dua kali nya éta *prettest* jeung *posttest*. Tés awal atawa tés saméméh dilakukeun perlakuan (*posttest*) jeung tés ahir atawa tés sabada dilakukeun perlakuan (*pretest*). *Pretest* dilakukeun pikeun ngukur kamampuh siswa dina ngaregepkeun dongéng saméméh ngagunakeun media bonéka sedengkeun *posttest* dilakukeun pikeun ngukur kamampuh siswa sabada ngagunakeun media bonéka.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina panalungtikan ieu nya éta:

- 1) ngalaksanakeun pangajaran ngaregepkeun dongéng di kelas VII
- 2) ngalaksanakeun *prettest* ngeunaan kamampuh ngaregepkeun siswa
- 3) ngalaksanakeun *posttest* ngeunaan kamampuh ngaregepkeun siswa
- 4) ngumpulkeun data tina hasil panalungtikan. Data nu dikumpulkeun nya éta data nu dicokot tina hasil *pretest* jeung *posttest* siswa
- 5) nganalisis data jeung ngolah data hasil panalungtikan. Data nu geus dikumpulkeun tuluy dianalisis jeung diolah ngaliwatan sababaraha uji saperti uji normalitas, uji homogénitas, uji t jeung uji gain. Hal ieu dilakukeun pikeun ngajawab umusan masaah dina panalungtikan.
- 6) nyieun kacindekan dumasar hasil analisis jeung ngolah data.

3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data ina ieu panalungtikan baris dipedar ieu di handap.

- a. Mariksa hasil tés awal jeung tés ahir ngaregepkeun siswa ku cara nyirian Méré peunteun kana hasil tés awal jeung tés ahir Ngaregepkeun siswa. Cara meunteun hasil karangan siswa baris dipedar ieu di handap.

Tabél 3.2 Tabél Peunteun Saméméh Jeung Sabada

No	Aspek							Σ	P	Kategori
	A	B	C	D	E	F	G			
1.										
2.										
3.										
...										

Keterangan:

- A = Téma dongéng
 B = Tokoh jeung Panokohan
 C = Latar
 D = Galur
 E = Puseur Sawangan
 F = Amanat
 G = Jalan Carita

$$n = \frac{\text{skor kahontal}}{\text{skor idéal}} \times 100\%$$

Keterangan :

KKM :64

Peunteun maksimal :100

Katégori :Peunteun ≥ 64 , siswa dianggap mampu ngaregepkeun dongéng
 Peunteun ≤ 64 , siswa dianggap can mampu ngaregepkeun dongéng

b. Uji data hipotésis

- 1) uji normalitas data
- 2) uji homogenitas peunteu *pretests* jeung *posttest*
- 3) uji gain
- 4) uji hipotésis

c. Ngadeskripsikeun data, jeung

Kinanti Puji Lestari, 2016

MÉDIA BONÉKA DINA PANGAJARAN NGAREGEPKEUN DONGÉNG

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

d. Nyieun kacindekan.

3.5.1 Uji Sipat Data

- Nangtukeun peunteun siswa nu panggedéna jeung pangleutikna
- Ngitung rentang (r) ngagunakeun rumus di handap

$$r = \text{peunteun panggedéna} - \text{peunteun pangleutikna}$$

(Sudjana, 2005, kc. 91)

- Nangtukeun jumlah kelas (k)

$$k = 1 + 3,3 \log n$$

(Sudjana, 2005, kc. 47)

- Nangtukeun panjang kelas (p)

$$\frac{r}{k}$$

(Sudjana, 2005, kc. 47)

- Nyieun tabél frékuénsi peunteun saméméh jeung sabada kalayan ngagunakeun tabél ieu dihandap:

Tabél 3.3 Tabél Frékuénsi Tés Awal jeung Tés Ahir

No	Skor (x)	f_i	x_i	x_i^2	$f_i x_i$	$f_i x_i^2$
1.						
2.						
3.						
...						

3. Ngitung *mean* (rata-rata) peunteun saméméh jeung sabada kalayan ngagunakeun rumus ieu di handap:

$$\bar{X} : \frac{\sum fi \cdot xi}{\sum fi}$$

(Sudjana, 2005, kc.67)

Keterangan:

\bar{X} =rata-rata

Σ =jumlah

fi =jumlah data

xi =niléy téngah

4. Ngitung *standar deviasi* (sd) kalayan ngagunakeun rumus ieu di handap:

$$\frac{n \sqrt{(\sum fi \cdot xi^2) - (\sum fi \cdot xi)^2}}{n(n - 1)}$$

(Sudjana, 2005, kc. 95)

Keterangan:

Sd = *standar deviasi*

$\sum fi \cdot xi^2$ = jumlah frékuénsi niléy

$(\sum fi \cdot xi)^2$ = jumlah frékuénsi niléy c kuadrat

n = jumlah subjék panalungtikan

5. Ngitung frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspétasi (perkiraan)

Tabél 3.4 Tabél Frékuénsi jeung Ékspéktasi

Interval	O _i	BK	Z _{itung}	Z _{tabél}	L	E _i	X ²

Keterangan:

- 1) Nyieun tabél frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspéktasi
- 2) Nangtukeun O_i (frékuénsi observasi)
- 3) Nangtukeun batas kelas (BK)
- 4) Ngitung Zitung (transformasi normal standar bébas kelas)
- 5) Nangtukeun Ztabél
- 6) Ngitung legana unggal kelas interval (L)
- 7) Ngitung frékuénsi ékspétasi (E_i)

$$E_i = n \times L$$

(Sugiyono, 2013, kc. 81)

- 8) Nangtukeun niléy X (Chi kuadrat)

$$X^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sudjana, 2005, kc. 273)

- 9) Nangtukeun derajat keberhasilan (dk)

$$dk = k - 3$$

(Sudjana, 2005, kc. 293)

Kinanti Puji Lestari, 2016

MÉDIA BONÉKA DINA PANGAJARAN NGAREGEPKEUN DONGÉNG

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

10) Nangtukeun harga X tabél

11) Nangtukeun normalitas ngagunakeun criteria ieu di handap:

- a) $x_{itung} < x2_{tabél} =$ hartina data atawa populasi distribusina normal
- b) $x_{itung} > x2_{tabél} =$ hartina data atawa populasi distribusina teu normal

3.5.2 Uji Homogénitas peunteun *pretest* jeung *posttest*

Tujuan tina homogénitas nya éta pikeun mikanyaho homogén henteuna variasi sampel tina populasi nu sarua. Pikeun nangtukeun homogén henteuna data maké rumus *chi kuadrat*.

Ieu di handap mangrupa léngkah-léngkah ngitung uji homogénitas dina ieu panalungtikan.

- a. Ngitung variansi masing-masing kelompok *pre-test* jeung *post-test* maké rumus:

$$S_{x^2} = \frac{n \cdot \Sigma x^2 - (\Sigma x)^2}{n(n-1)} \quad S_{y^2} = \frac{n \cdot \Sigma y^2 - (\Sigma y)^2}{n(n-1)}$$

- b. Hasil tina varians diasupkeun kana distribusi F maké rumus:

$$F = \frac{S_{besar}}{S_{kecil}}$$

- c. Nangtukeun derajat kebébasan

dk= n-1

(Sudjana, 2005, kc. 293)

- d. Nangtukeun homogeny henteuna data dumasar kana kritéria ieu di handap.

$F_{itung} > F_{tabél}$ hartina data teu homogén

$F_{itung} < F_{tabél}$ hartina data homogén

3.5.3 Uji Gain

Uji gain miboga tujuan pikeun nangtukeun naha aya béda anu signifikan antara hasil *pretést* jeung *postést*. Hasil tina uji gain dipaké salaku gambaran ngeunaan éféktifitas media bonéka pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun siswa kelas VII-A SMP Humanika 2 bogor.

Kinanti Puji Lestari, 2016

MÉDIA BONÉKA DINA PANGAJARAN NGAREGEPKEUN DONGÉNG

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.5 Tabél Uji Gain siswa

No	Kode Siswa	Pretést	Postést	D	d^2

3.5.4 Uji Hipotésis

1) Nangtukeun Mean tina béda tés awal jeung tés ahir (Md) kalawan maké rumus:

$$Md = \frac{\sum d}{N}$$

(Arikunto, 2013, kc. 350)

2) Nangtukeun Derajat Kebebasan (dk) kalawan maké rumus:

$$dk = n-1$$

(Sudjana, 2005, kc. 238)

3) Nangtukeun kuadrat deviasi kalawan maké rumus:

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{N}$$

(Arikunto, 2013, kc. 351)

4) Nangtukeun t kalawan maké rumus:

$$t = \frac{MD}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{N(N-1)}}}$$

(Arikunto, 2013, kc. 125)

5) Nangtukeun ditarima henteuna hipotésis dumasar kana ieu kritéria, nya éta:

(a) $t_{itung} > t_{tabel}$ (Hipotésis kerja ditarima), yén média bonéka (dina pangajaran ngaregepkeun) bisa ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun dongéng kelas VII-A SMP Humanika 2 Bogor.

(b) $t_{itung} < t_{tabel}$ (Hipotesis kerja ditolak), yén media bonéka (dina pangajaran ngaregepkeun) teu bisa ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun dongéng kelas VII-A SMP Humanika 2 Bogor.

Kinanti Puji Lestari, 2016

MÉDIA BONÉKA DINA PANGAJARAN NGAREGEPKEUN DONGÉNG

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu